# *Адыгэ литературэмк1э 7 классым и урок зэ1уха.*

*Егъэджак1уэр- Къанло Аксанэ.Б.*

***Темэр. Нало Заур и «Щ1ыху напэ» балладэр.***

*(тхыгъэр къызэщ1экъуэжын)*

**Урокым и мурадыр:** - Нало Заур и гъащ1эмрэ и творческэ лэжьыгъэмрэ еджак1уэхэр тегъэпсэлъыхьын;

- «Щ1ыху напэ» балладэр щызэпкърахк1э напэмрэ ц1ыхугъэмрэ нэхъ лъап1э зэрыщымы1эр ягурыгъа1уэк1эрэ еджак1уэхэм гъэсэныгъэ хэлъхьэн;
- балладэм къыхэщ удымрэ л1ымрэ я образхэр зрегъэгъэпщэн, ахэр зэпкърахк1эрэ еджак1уэхэм я бзэм зегъэужьын;
- зэранщ1ак1уэу, сэбэпыншэу, хьэтырыншэу дунейм тетхэм гу лъегъэтэн,апхуэдэхэр щымыгъэ1эным, гъэк1уэдыным хущ1э-гъэкъун;
- езыхэр ц1ыху нэс, ц1ыху пэж, лэжьыгъэр зыгъэк1уатэ, Хэкур ф1ыуэ зылъагъу хъуным хуэгъэсэн,хуегъэджэн, я гур дахагъэм, пэжыгъэм, къабзагъэм, щ1эныгъэм къыхуэгъэушын.

**Урокым къыщыгъэсэбэпыпхъэхэр:** ИКТ, слайдхэр, макъамэхэр, тхак1уэм и сурэтхэр, балладэм къытращ1ык1а иллю-страцэхэр.

**Урокым и ек1уэк1ык1эр:**

Слайд



Нало Заур «Ц1ыху напэ» балладэр

Слайд

Эпиграф

Мы дунейм дыщэщ щынэхълъап1эр,
Яф1энэхъ къабзэр, мазэм хуагъадэр,
Ауэ абыхэм нэхърэ нэхъ лъап1эр,
Нэхъ къабзэу сыбжыр – адыгэ напэрщ.

Адыгэ напэрщ, си лъэпкъыжь напэрщ,
Уэри уи напэ, сэри си напэ, адыгэ напэрщ.
Зэтрип1эжми тхьэшхуэм ди нап1эр,
Адыгэ напэм хэлъщ мыл1эжыныпсэр.

## 1. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.

- *Сытыт унэ лэжьыгъэу ди1ар?*
- Дэ унэ лэжьыгъэу ди1ащ Нало Заур и балладэм и 11 1ыхьэр дджыну, зэпкърытхыну.

- *Ц1ык1ухэ, хэт Нало Заурыр?*
- Нало Заур Мыхьэмэт и къуэр усак1уэщ, щ1эныгъэл1щ, литературоведщ, критикщ ик1и фольклористщ. Налор РФ и Тхак1уэхэм я союзым и члену хэтщ.



- *Дэнэ щ1ып1э Заур къыщалъхуар?*

- Ар Аргудан районым хыхьэ Старэ Урыху къуажэм 1928 гъэм гугъуехьак1уэ мэкъумэшыщ1э унагъуэм къыщалъхуащ.

- *Дауэ ек1уэк1а Налом и сабиигъуэр?*

- Заур дэтхэнэ зы сабийми хуэдэу ф1эф1т и анэ Мащ1э къыжри1э нарт хъыбархэм, псысэхэм, гущэ уэрэдхэм щ1эдэ1уурэ абы и 1эпл1эм ижеену. Налом и гур гуащ1эдэк1ым къыхуэгъэушынымк1э сэбэпышхуэ хъуащ и анэр.

Слайд



- *Дапщэщу п1эрэ Заур еджэныгъэм гу щыхуищ1ар?*

- Налом и ныбжьыр илъэсибл зэрыхъуу я къуажэ школым щ1эт1ысхьэри 7-нэ классыр къиухыху еджащ. Абы и еджэныр 1941 гъэм къэхъея Хэку зауэшхуэм къызэпиудащ, арщхьэк1э зауэ нэужьым пищэжри 1947 гъэм экстернэу 10-нэ классыр къиухащ.

1948 гъэм ар щ1эт1ысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым.

- *Сыт щыгъуэ Заур лэжьэн щыщ1идзар?*

Слайд



- Заур 1952 гъэм пединститутыр ехъул1эныгъэк1э къиухри егъэджак1уэу абы къагъэнэжащ. Иужьк1э 1954-1998 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр щ1эныгъэ къэхутак1уэ институтым щылэжьащ.

Слайд



- *Дапщэщу п1эрэ Налом и тхыгъэхэр дунейм къытехьэу щыщ1идзар?*

- 1955 гъэм къыщыщ1эдзауэ печатым къытохуэ абы и усэхэр, литературно-критическэ статьяхэр. Абы зэхуехьэс ик1и къыдегъэк1 адыгэ 1уэры1уатэ зэрыт тхылъхэр.

Слайд





- *Сыт хуэдэ тхыгъэхэр итхауэ фщ1эрэ усак1уэм?*

- Усак1уэм и япэ сборник «Бзухэм я бзэ» жыхуи1эр 1958 гъэм адыгэбзэк1э къыдэк1ащ. Налор сабий тхак1уэ 1эзэщ. Абы сабийхэм папщ1э къыдигъэк1ащ «Инэмыкъуэ», «Жыгым и уэрэд», «Шэрджэс дадэм и щыхьыбжьэ», «Псысэф1  дыдэхэр» тхылъхэр.

- *Пэжщ, ц1ык1ухэ! Нало Заур тхэн зэрыщ1идзэрэ фэ ц1ык1ухэм папщ1э тхылъ куэд къыдигъэк1ащ. 1уэры1уатэм ипкъ итк1э итхыжа усыгъэ ц1ык1ухэмк1э сабийм и зэхэщ1ык1ым зрагъэужь, ф1ым, дахагъэм ахэр хуаущий. Сабийм и гур, и псэр дунеягъэм и къэхъукъащ1эхэм хуэ1эф1у, хуэжумарту щытыным хуаунэт, гущ1эгъу я1эу, къызыщыжын зимы1эм къыщыжу, 1еймрэ ф1ымрэ зэхащ1ык1ыу ягъасэ.*

*Апхуэдэ гъэсэныгъэ яхэлърэ  хъуэпсэгъуэу къыщ1эхъуащ Нало Заур бынрэ, быным и щ1эблэрэ.*

*Слайд*



гъэм и жэпуэгъуэ: сэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ - Асанэ, Марго, Заур, Нусэ, Алим, Данэ



- *Зэрыжыф1ащи, дэ нобэ зи гугъу тщ1ыну «Ц1ыху напэ» балладэр Нало Заур итхащ.*

- *Хэт къыджи1эн, сыт балладэк1э зэджэр?*

- Балладэр – ар усэу тхащ. Абы усак1уэм и зэхэщ1эныгъэм нэмыщ1и гъащ1эм къыщыхъу, л1ыгъэк1э гъэнщ1а 1уэхугъуэ къегъэлъагъуэ.

- *Ат1э Нало Заур и балладэм ф1ищар «Ц1ыху напэщ», сыт ц1ыху напэ жи1эмэ къик1ыр?*

- Ц1ыху напэ, «Напэ» - псалъэшхуэщ ар, куэд къызэщ1еубыдэ: пэжагъри ф1агъри; - ц1ыхухэм игъащ1эм къагъуэта хьэл-щэн гъуэзэджэ псор; и акъылым хуэдэу, ц1ыхур дунейм тет адрей псэущхьэ псоми нэхъыщхьэу къызэрыщхьэщык1ыр ц1ыху напэрщ. Ц1ыхум «Напэ и1эщ абы», - хужа1эмэ, ар ц1ыху нэсщ, абы нэхърэ нэхъ характеристикэф1 зыри щы1экъым. Аращ мы балладэми къигъэлъагъуэр – напэм и лъап1агъыр, абы уасэ зэримы1эр.

- *Иджыпсту къыджеф1а хьэл-щэн гъуэзэджэ, пэжагъ, ф1агъ псори зыхэлъу Нало Заур къилъытэ, напэм и лъап1агъыр, абы уасэ зэримы1эр зыдилъэгъуар, гурэ псэк1э тхак1уэм ар зыхезыгъащ1а ц1ыхур хэту п1эрэ?*

*Хэт мы балладэр зи фэеплъыр? Хэт зи гъащ1эр зытар и Хэкум, напэм, пэжыгъэм щхьэк1э, «Напэм и пэ псэр ихуэ» жыхуа1эм хуэдэу.*

*Слайд*



- Ар ди адыгэ литературэм и тхак1уэшхуэ Щоджэнц1ык1у Алийщ. Алий Хэку зауэшхуэм щыгъуэ Бабруйск деж нэмыцэ концлагерым ихуэри абы и гъащ1эр щитауэ щытащ и Хэкум къыщхьэщыжу, пэжыгъэм щхьэк1э. Сыт хуэдиз лей къ1рамыхами Щоджэнц1ык1ур нэмыцэхэм яхуэгъэдэ1уакъым, яхуэгъэ1урыщ1акъым. Къыщалъхуа, щап1а Хэкум и телъхьэу, абы хуэпэжу, и напэр хужьу и гъащ1эр щ1итащ Хэкум и насыпым.

- *Нало Заур и балладэр зытеухуар сыт?*
- Нало Заур и балладэр зытеухуар гъуэгу тет л1ыр пшахъуэщ1ым, псы хуэл1эу, дэ1эпыкъуэгъуншэу и закъуэу къызэринэрщ.

- *Псы хуэл1эу къум пшахъуэщ1ым къина л1ым дауэ хъурэ и 1уэхур?*
- Псы зэрыхуэл1эмрэ дунейр зэрыхуабэмрэ къыхэк1ыу л1ым и къарур еухри хуэмурэ мэджалэ.

- *Адэк1э дауэ хъурэ? Хэт абы къыхуэзэр?*
- Мис абдежым зы уд гуэр къохутэ, ик1и л1ыр ф1эл1энк1э шынэу псынщ1эу псы 1урек1эри л1ыр къохъуж.

- *Л1ым зыкъищ1эжу удым къыхудэплъея нэуж, сыт зэплъар ик1и сыт къилъагъур? А щ1ып1эр балладэм къыщывгъуэти фыкъеджэ.*
- Л1ым и пащхьэм къит удыр къелъагъу ик1и зэпеплъыхь ф1эгъэщ1эгъуэну.

Цы 1уданэ плъыжьк1э и нэр
Хуэдэщ къэдыхьам,
Псалъэу жи1эм гур е1ул1эр.
Ещхьу хуэш хыхьам.

- *Сыт адэк1э л1ыр удым зэрелъэ1ур ик1и сыт хуэдэ псалъэ гуапэ жри1эрэ?*

- Берычэт бесын, ц1ыху щхьэпэ! Зы псы фалъэ сегъэфэжыт… Ауэ удым идэркъым, пщ1эншэу псы иригъэфэну. Сыт щхьэк1э жып1эмэ, удым 1ей ищ1эну и гум ирилъхьар л1ым къыпкърихыну хуейщи. Ик1и л1ыр псы ефэн щхьэк1э арэзы мэхъу, удым зыхуейр хуищ1эну, удми псы шынакъ кърегъэфэжри я гъуэгу тоувэж.

- *Л1ым ищ1эу п1эрэ удым 1ихыну зыхуейр? Мыбы и жэуапыр къызыхэщ пычыгъуэм хэт къытхуеджэн?*

- Хьэуэ, ищ1эркъым, ищ1эу щытамэ, къигъэгугъэнтэкъым. Абы и гугъар епт хъун зыгуэр: ахъшэ, мылъку, хьэпшып 1ихыну аращ. Балладэми тхак1уэм щыже1э ар:

Ер вы бжьакъуэм къызэрик1ыр
Тщ1амэ, 1уэху къэхъунт?
Ер псы фалъэм зэрыхэлъыр
Ищ1амэ, л1ыр ефэнт?

- *Сытыт, ц1ык1ухэ, япэ илъэсым удым л1ым пиубыдар? Л1ым сыт хуэдэ лэжьыгъэт илэжьыр, зэманри сыт хуэдэт?*

- Гъатхэ лъэхъэнэт. Л1ыр вий щ1эщ1ауэ вэуэ губгъуэм итт. Удыр л1ым и деж къэсащ и напэр къы1ихыну, арщхьэк1э иритын идакъым.

- *Сыт-т1э къэхъуар?*

- Напэр иритын щимыдэм, удым л1ым и бзэр къы1ихащ, л1ыри асыхьэтым бзагуэ хъуащ. Ауэ л1ыр хущ1егъуэжакъым ищ1ам .

«Ягъэ к1ынкъым», - же1эр игук1э,
И щхьэр къе1этыж;
Еубыдыжри пхъэ1эщэк1ыр,
Лажьэу хоувэж.

- *Ет1уанэгъэм аргуэру удыр къос. Ар ину мэдыхьэшхри л1ым и напэр ихьыну къызэрык1уар къыжре1э. Пэжкъэ?*

- Пэжщ.

- *Ат1э. адэк1э сыт къэхъур?*

- Л1ым и напэр 1ихыну удыр къэк1уа щхьэк1э л1ыр арэзы хъуркъым абык1э. аращи:

«Ауэ щыхъук1э, - же1эр удым,-
Уи нэр къып1ызох.
Зи ук1ытэр зигу пымык1ым,
Ар ухуейм, къыхэх»

жи1эри л1ым и нэр къы1ихащ ик1и занщ1эу дунейр къытеунк1ыф1ащ имылъагъужу зы. Ар бзагуэу, нэфу жэщ къытехъуэри губгъуэм къинащ. Нэху щыпауэщ къуэ къылъыхъуэм щыпэщ1эхуэжар.

- *Л1ыр нэфу, бзагуэу къызэрынамк1э щ1егъуэжрэ хьэмэрэ щ1емыгъуэжрэ?*

- Л1ыр нэфу, бзагуэу къызэрынам зык1и хущ1егъуэжыркъым, и напэр итынуи игу къэк1ыркъым. Абы и напэр и ц1ыхугъэр япэ ирегъэщ.

***Иджыпсту дызытепсэлъыхьа ет1уанэ 1ыхьэм и теплъэгъуэр къагъэлъагъуэнщ еджак1уэхэм.***
***(макъамэ щ1эту пычыгъуэр къагъэлъагъуэ)***

- *Хэт схутепсэлъыхьын ещанэгъэм къэхъуам?*

- Гъатхэ пасэу ещанэгъэм удыр л1ым деж къос. Зыри зымылъагъу л1ым удыр и 1эпэ гъурхэмк1э то1эбэри л1ыр къегъащтэри къыщолъэт.

«Сувы1энкъым, сымыхьауэ уи напэр. Уи ук1ытэр сэ къызэптмэ, уи нэри уи бзэри узотыж», - же1эр удым.

Арщхьэк1э,

«Хьэуэ! – же1эр л1ыжьым игук1э,
Зыми димыхьэх:
-Сэ схуэщэнкъым си ук1ытэр,
Ухуейм, си псэр хэх».

Аргуэру удым л1ым тыгъэ инхэр къыхуищ1ыну къыжре1э, арщхьэк1э л1ым идэркъым. Абы и напэр егъэнэхъапэр мылъкуу щы1эм нэхърэ. Арати л1ым и нэм нэпсу зы тк1уэпс закъуэ къыщ1охури хуэму и псэр хок1.

**- Ещанэгъэм къэхъуа ещанэ 1ыхьэр гук1э зэдгъэщ1ащи дыкъеджэнщ.**
**( макъамэ гуауэ щ1эту еджак1уит1-щы пычыгъуэм гук1э къоджэ).**

- *Ц1ык1ухэ, сыт-т1э зи псэр хэк1ауэ щылъ л1ым тхак1уэм хужи1эр? Фыкъеджэт абдежым.*

(слайд)

Напэ къабзэм и къабзагъэр
Дыгъэ бзийм хыхьащ.
Анэ псоми я быдзышэм
Бынхэм хухалъхьащ.

- *Ц1ыхугъэм, напэм нэхъапэ зэрыщымы1эр дауэ къигъэлъэгъуэфа усак1уэм?*

- Ар къэгъэлъэгъуа хъуащ л1ым и бзэри, и нэри, и псэри и напэм щхьэк1э итыну игу зэрыпык1амк1э, зэи зэрыщ1емыгъуэжамк1э.

-*Ем, мыгъуагъэм, 1уэху 1ейм, лей зехьэным и л1ык1уэу, балладэм къыщыгъэлъэгъуар хэт?*

- Мыгъуагъэ псом и л1ык1уэу балладэм къыщыгъэлъэгъуар удырщ. Абы и1экъым гущ1эгъу.

- *Пэжыгъэм, л1ыгъэм и л1ык1уэу тхыгъэм къыхэщыр хэт?*

- Л1ым хэлъ пэжыгъэмрэ и л1ыгъэмрэ 1упщ1у къыщыгъэлъэгъуащ балладэм. Ар ф1ым и л1ык1уэщ

Л1ымрэ удымрэ я образхэмк1э балладэм къыщыгъэлъэгъуа хъуащ 1еймрэ ф1ымрэ, къуаншагъэмрэ захуагъэмрэ зэрызэпэщ1эувэр.

- *Дэтхэнэра а къарууит1ым тек1уэу балладэм къыхэщыр? Ера хьэмэ ф1ыра?*

- Мыбдежым л1ым и псэр удым хиха щхьэк1э тек1уар удыр аракъым. Ер тек1уакъым. Ц1ыху напэр тек1уащ, ц1ыху напэр хъума хъуащ ц1ыху къарук1э. ц1ыху гъащ1эк1э. Усак1уэм етх:

слайд

Напэ хужьу щылъщ а хьэдэр
Нурыр къыщхьэщех,
Ц1ыхуу щы1эм ягъэлъап1эу,
Л1ым и хьэдэр дах.

- *Сыт апхуэдэу ц1ыхуу щы1эм щ1агъэлъап1эр л1ыжьым и хьэдэр?*

- Ц1ыху напэр яхуихъумащи аращ ар ц1ыхуу щы1эм щ1агъэлъап1эр. Напэр зэрыхъумэн хуей щ1ык1эм и щапхъэ на1уэ къаригъэлъэгъуащ . Ц1ыху напэри къэнащ тек1уауэ напэншагъэм.

слайд

Напэ къабзэм и къабзагъэр
Дыгъэ бзийм хыхьащ.

Анэ псоми я быдзышэм
Бынхэм хухалъхьащ.

- Ц1ыху напэр щы1эщ, псэущ, ар ц1ыхухэм яхэлъщ, ауэ напэншагъэр зытемыгъэк1уэныр ц1ыху псоми я ипэ къалэнщ, бэнэныгъэщ. Аращ балладэм и гупсысэ нэхъыщхьэри.

- ***Напэм теухуауэ сыт хуэдэ псалъэжь фщ1эуэ п1эрэ?***

**Слайд**

- Напэм ипэ псэр ихуэ.
- Псэр щэи напэ къэщэху.
- Зи нэгур къабзэм игури къабзэщ.
- Напэм техуэр жьэм же1эр.
- Напэ зи1эм л1ыгъэ хэлъщ.
- Напэ зимы1эм сыт епщ1эфын!?
- Напэ зимы1эм дзажэпкъ и1эщ.
- Ук1ытэ щагуэшым дурэшым дэсащ.

***- Сыт хуэдэ псалъэ шэрыуэхэм фащрихьэл1а мы балладэм?***

Слайд

- Ер вы бжьакъуэм къок1 – зы мыхьэнэншэм 1уэху 1ей къик1ынк1э мэхъу.
- И фэр шэхуу пык1ат – фагъуэт, гузэват.
- Щохъур и нэм бжэгъу – ф1эф1къым илъагъуну.
- Бацэ щапхъыу зыщапхъэхым – цы зытет псэущхьэхэм цыщ1э къатек1эу цыжьыр щатехум.

***- Мы псалъэ гуры1уэгъуейхэм къик1ыр къэдывгъэщ1эжсыт иджы.***

Слайд

Жыхьэнмэ – ц1ыхур л1а нэужь ишэчу жыхуа1э хьэзаб, ар щишэч щ1ып1э.
И 1ур плъыхук1э – псы нэхъ 1ейуэ хуэл1эху.
Уд – щхъухьпсыхьзэехьэ ц1ыхубз, къэхъунк1э мыхъунухэри хузэф1эк1ыу.
Хуэш – 1эпкълъэпкъхэр щ1ишу къыхыхьэ уз.
Шэху – бжьэ фо къызыщ1ахуа без гъэвэжа.

***- Авторым сыт хуэдэ художественнэ 1эмалхэр къигъэсэбэпа мы тхыгъэм?***

Слайд

- Авторым къегъэсэбэп зэгъэпщэныгъэр. Псалъэм папщ1э:

- Жыхьэнмэ лъэмыжым хуэдэу,
К1ыхьщи пэщылъ гъуэгур,
Л1ым мэхъур махэ и гур.

- Цы 1уданэ плъыжьк1э и нэр
Хуэдэщ къэдыхьам,
Псалъэу жи1эм гур е1ул1эр
Ещхьу хуэш хыхьам.

- Къызок1уэк1ыр и фэр шэхуу.

- Блэм и щ1ыфэу, уд 1э гъурыр
Л1ыжьым ще1усам,
Щылъэтащ ар щтэ1эщтаблэу
Ещхьу блэ зэуам.

***- Хэт къытхуеджэн напэм ц1ыхугъэм теухуа усэ?***

- Зытхар К1уащ Бет1алщ.

слайд

Напэр зыхъумэфым уэрэдыр хуаус,
Нобэ пц1ы бупсым, къыщ1эщынщ пщэдей,
Губжьк1э бдзы уи 1упсыр,
Къэнэжынщ уи дей.

- Зытхар Елгъэр Кашифщ.

слайд

-Напэ зимы1эм дзажэпкъ и1эщ,-жа1э.
Ауэ апхуэдэ дзажэпкъ сыхуэмей –
Си лъэпкъ и пащхьэ напэ т1эк1у щызи1эм
Сыкъабзэлъабзэу срехыж дунейм.

## Урокыр къызэщ1экъуэжын.

- *Сыт мы темэмк1э щ1эуэ къэфщ1ар нобэ?*

- Дэ къэтщ1ащ дунейм ц1ыху 1еи, ц1ыхуф1и зэрытетыр. Ц1ыху напэ зимы1э, щысхь зымыщ1эхэр зэрыщы1эр. Напэр япэ изыгъэщхэри зэрыщы1эр.

- *Апхуэдэ ц1ыху бзаджэнаджэхэр нэхъ мащ1эу ди1амэ, ар нэхъыф1т. Сыт тщ1эн хуейр абы щхьэк1э?*

- Дунейм тету хъуар ц1ыху пэжу, напэ хужьым хущ1экъуу щытын хуейщ, мы л1ым хуэдэу. Удым ещхь ц1ыхухэм хуэдэ зэрыщыдмыгъэ1эным дыхущ1экъун хуейщ ц1ыху псори, апхуэдэ ц1ыху щхьэрыуахэм, 1ейм зи нэр къыщхьэрипхъуахэм ди къарури, ди акъылри етхьэл1эу дыдэ1эпыкъун хуейщ, гъуэгу пэжым тетшэн хуейщ.

- *Ди напэр темык1ын щхьэк1э, ар тхъумэфын папщ1э сыт хуэдэ къалэн дгъэззэщ1эн хуей?*

- Ук1ытэ тхэлъу, напэ ди1эу, нэхъыжьым, адэ-анэм пщ1э хуэтщ1у дыпсэун хуейщ. Пэжыныгъэ, псэ къабзагъэ, ц1ыхугъэ, нэмыс тхэлъу дыщытын хуейщ. Тхузэф1эк1 мащ1эр лъэпкъым хуэдлэжьу дыпсэун хуейщ.

## Егъэджак1уэм и к1эух псалъэ.

- Пщ1эрэ щхьэрэ зи1эу ябжыр напэ зи1эращ, дыхуэсакъын хуейщ ар хъумэным. Ф1ымрэ 1еймрэ, дахэмрэ ек1умрэ мылъкук1экъым къызэрылъытэн хуейр, ц1ыхум и дуней тетык1эрщ. Дэ псори дыщогугъ дэтхэнэ зы ц1ыхуми адыгагъэр, ц1ыхугъэр, адыгэ напэр, адыгэ нэмысыр псалъэм къыщымынэу, хьэл-щэн дахэхэмк1э, дуней тетык1эмрэ 1уэху зехьэк1эхэмк1э къагъэлъагъуэну.

Дэтхэнэ зы ц1ыхуми къигъэнэн хуейщ лъэужь, ар лъэужь дахэу щытыныр и ц1эр ф1ык1э куэдрэ ягу къызэрык1ыжым елъытащ, аращ ц1ыхугъэм и уасэр, ц1ыху напэр зищ1ысыр.

Слайд

АРАЩИ, ДЫВГЪЭХЪУМЭ, ДЫХУЭВГЪЭСАКЪ ДИ Ц1ЫХУ НАПЭМ.

Зи напэр темык1ын ц1ыху тхьэм псори дищ1!

**Унэ лэжьыгъэр:** «Псэр щэи напэр къэщэху» псалъэжьыр и темэу сочиненэ тхын.

## Оценкэ гъэувыжын.